

APRANN SOU ENSIDAN YO

ANGAJMAN OPWDD POU PWOTEJE W KONT DANJE HARM

Misyon OPWDD se ede moun ki gen reta nan devlopman yo pou yo ka viv pi byen. OPWDD, ansanm ak Justice Center for the Protection of People with Special Needs (Sant Lajistis pou pwoteksyon moun ki gen bezwen patikilye), tabli egzijans ak pwosedi sipèvizyon pou pwoteje moun k ap resevwa sèvis yo kont danje.

Pou yo ka jwenn sipò nan misyon yo, OPWDD ak ajans founisè li yo swiv Tit 14 nan Kòd, Règ ak Lwa New York Pati 624 (14 NYCRR Part 624), yon lwa ki la pou pwoteje moun k ap resevwa sèvis OPWDD. Lwa sa bay mezi ki pou pran lè yon moun k ap resevwa sèvis sibi yon ensidan, jan sa dekri nan paj 2 a, Kalite Ensidan ki ka rive. Lwa sa mande tout founisè sèvis fè sa ki annapre yo:




- Asire nou ke pèsònèl la rapòte evènman malè, ki rele "ensidan ki fèt pou rapòte yo" ak "evènman enpòtan yo," k ap afekte byennèt moun k ap resevwa sèvis yo;
- Founi swen imedyà epi pwoteje sante, sekirite ak diyite moun ki gen reta nan devlopman yo ki enplike oswa ki viktim nan yon ensidan;
- Fè investigasyon pou konnen poukisa ensidan, tankou abi ak blesi, rive epi pran aksyon pou anpeche menm ensidan yo rive ankò;
- Kreye yon Komite Etid Ensidan pou analize ensidan espesifik epi egzamine tandans yo; epi
- Devlope pwosedi, epi founi fòmasyon pou anplwaye ak sipèvizyon; jan sa nesèsè, pou anpeche lòt ensidan konsa rive ankò.

Bwochi sa a founi yon rezime atant OPWDD genyen konsènan ensidan e li esplike wòl moun ki kalifye yo ak wòl lòt moun k ap plede kòz nan non moun n ap sèvi yo. Tanpri ale li 14 NYCRR Part 624 la pou w wè tout egzijans lwa sa a.

http://www.opwdd.ny.gov/regulations_guidance/opwdd_regulations

REPIBLIYE AN MAS 2017



TAB MATYÈ

KIJAN AJANS JERE 2
ENSIDAN?

KÈK TIP ENSIDAN... 2

KIJAN AK KILÈ OU KA 3
JWENN ENFÒMASYON
SA YO?

KIJAN YO FÈ YON 3
ANKÈT?

KIJAN POU PLEDE 4
KOZ AK PWOTEJE
MOUN POU DANJE PA
RIVE YO.



KI MOUN KI KA RESEVWA AVI GEN YON ENSIDAN EPI MANDE ENFÒMASYON SOU ENSIDAN?

Lwa Jonathan an mande pou moun ki kalifye enfòm sou sèten evènman konsènan moun k ap resevwa sèvis. Pati 624, ki kouvri notifikasyon nan Lwa Jonathan an, mande pou yo enfòm moun kalifye yo sou tout ensidan.

Moun ki kalifye se yon moun k ap resevwa sèvis yo, granmoun legal li, oswa yon paran ki konsènen, oswa mari/madanm, oswa timoun majè ki gen otorite pou l bay konsantman pou swen ak tretman.

Pati 624 mande tou pou yon moun ki pa reponn ak definisyon yon moun kalifye men ki sèvi kòm avoka pou yon moun viktim enfòm sou ensidan.

Moun kalifye, avoka, ak korespondan ka mande enfòmasyon sou ensidan.

Genyen lòt enstriksyon OPWDD bay sou notifikasyon ki konsène manm gwoup Willowbrook yo.

KIJAN AJANS JERE ENSIDAN?

Yon Komite Etid Ensidan fèt pou rapòte, ankete, anrejistre ak analize ensidan, epi aji pou pwoteje byennèt moun k ap resevwa sèvis yo.

Chak founisè dwe gen yon pwosedi pou yo rapòte ensidan annapre yo bay OPWDD:

- Ensidan Abi ak Neglijans ki fèt pou Rapòte
- Gwo tonton Ensidan ki fèt pou Rapòte
- Evènman Enpòtan Grav

Founisè dwe genyen tou sistèm pou jere Evènman Enpòtan ki pa Grav ak lòt sitiyasyon ki ka danjere ki pa ogmante nivo yon ensidan ki fèt pou rapòte oubyen yon evènman enpòtan.

Anplis, sèten ensidan fèt pou rapòte nan New York State Justice Center for the Protection of People with Special Needs (Justice Center). Justice Center a te kreye pou pwoteksyon moun k ap resevwa sèvis nan etablisman ak pwogram ki sètifye oswa plase anba Ajans Eta, tankou OPWDD. Ensidan ki fèt pou Rapòte ki rive nan etablisman oswa pwogram sètifye oubyen plase anba OPWDD rapòte tou nan Justice Center ak nan OPWDD.

KÈK TIP ENSIDAN...

Ensidan abi ak neglijans ki fèt pou Rapòte se abi fizik, seksyèl ak sikolojik, ansanm ak lòt move kondwit tankou itilizasyon fòs espre nan yon mannyè ki pa kòrèk, ak neglijans.

Ensidan enpòtan ki merite rapòte gen ladan erè medical ki gen efè endezirab, itilizasyon izolman, move tretman, moun ki disparèt, ensidan kote moun ap trangle.

Ensidan Grav ki mande Note gen ladan sitiyasyon delika ak lanmò moun k ap resevwa sèvis.

Evènman enpòtan ki pa grav se blesi ki mande tretman anplis premye swen ak vòl oswa eksplwatasyon finansye (konsènan 15 rive 100 dola ameriken).

Lè gen pataj dosye/dokiman OPWDD 147, OPWDD 148 ak lòt ki konsène plent abi, lalwa mande pou founisè yo “ekri” oswa fè koreksyon pou retire non ak enfòmasyon ki ka pèmèt yo idantifye lòt moun k ap resevwa sèvis ansanm ak anplwaye yo.

KIJAN YO FÈ YON ANKÈT?

- Fòk yo ankete sou chak grenn ensidan ki fèt pou rapòte.
- Anketè a pral ranmase enfòmasyon bò kote plizyè sous epi prepare yon rapò k ap gen ladann yon rezime sou prèv, konklizyon ak rekòmandasyon. Nan ka yo rapòte abi oswa neglijan, rapò a pral gen ladann yon rezilta "ki byen chita" oswa "ki pa chita."
- Rapò ankèt la prale jwenn Komite Etid Ensidan ajans lan pou analiz. Komite a oblije analize epi kontwole pwosedi ankèt la (esepte lè se Justice Center oswa Biwo Santral OPWDD k ap fè ankèt la), epi nan sèten ka, rekòmande pou gen plis ankèt.

KIJAN AK KILÈ OU KA JWENN ENFÒMASYON SA YO?

- Moun kalifye, avoka, ak korespondan pral resevwa avi nan telefòn pi bonè sa posib apre yon rapò ensidan. Yo pral gen chans tou pou yo rankontre direktè ajans nan (oswa reprezantan li) pou diskite sou ensidan an.
- Moun kalifye ak avoka ki resevwa avi yon ensidan pral resevwa otomatikman yon rapò sou aksyon ki fèt (OPWDD Form 148) nan 10 jou apre rapò a fin fèt.
- Moun kalifye ak avoka ki resevwa avi yon ensidan ka prezante yon demann ekri pou jwenn yon kopi rapò sou ensidan an epi dwe resevwa yon kopi sansire rapò yo mande a sou 10 jou apre demann nan te fèt la.
- Moun kalifye (yo rele "demandè elijib" nan Pat 624) kapab mande tou enfòmasyon anplis sou ensidan ki fèt pou rapòte, tankou rapò ankèt. Yo fèt pou remèt rapò sa yo, ki dwe sansire, bay demandè a sou 21 jou apre fèmti yon ensidan oswa sou 21 jou apre demann nan si gen yon ankèt ki deja fin fèt.
- Demann alekri pou jwenn dosye oswa dokiman ki soti nan ankèt sa dwe fèt bò kote ajans ki te rapòte ensidan an.
- Demann ka fèt pou jwenn enfòmasyon sou ensidan ki te rive nan tan pase. Pati 624 la gen ladan l egzijans ki konsène entèval tan ki aplikap nan demann sa yo.
- Daprè lalwa, tout dosye ak dokiman yo mande, tout dosye ak dokiman ki gen rapò ak ensidan fèt pou sansire (korije) pou moun k ap mande enfòmasyon sou ensidan an pa wè non ak enfòmasyon ki ka idantifye moun ki enplike nan ensidan an.



AK KI MOUN YON AVOKA (SAN BLIYE YON "MOUN KALIFYE" OSWA YON KORESPONDAN) KA PALE POU FÈ SWIVI?

Yon avoka dwe lib pou l poze kesyon lè li resevwa avi sou yon ensidan epi li kapab mande pale ak yon sipèvizè pou plis enfòmasyon. Avoka a ka dakò tou pou l rankontre ak direktè ajans lan oswa yon reprezantan.

Si l pa satisfè, avoka a ka poze kesyon oswa di direktè ajans lan oswa lòt administratè wo nivo yo enkyetid li genyen.

Pou rapote abi oswa neglijan nan yon pwogam sètifye, Sèvis Jiridik Ijyèn Mantal la (Mental Hygiene Legal Services, MHLS) ka reprezante yon resous tou.

Inite Jesyon Ensidan OPWDD a ka ede tou nan rezoud gwo pwoblèm.

Genyen yon pwosesis apèl administratif pou avoka ki pa rive jwenn dosye ensidan yo mande nan yon ajans k ap bay sèvis.

Kontakte Responsab Apèl Dosye Ensidan OPWDD a, 44 Holland Avenue, Albany, NY 12229 pou jwenn plis enfòmasyon.



Office for People With Developmental Disabilities

Si ou se yon manm piblik la ki vle rapòte yon abi sou yon moun ki resevwa sèvis nan sistèm OPWDD a, gen plizyè fason ou ka fè sa:

- Si w konnen non ajans k ap bay moun lan sèvis la, ou ka kontakte ajans founisè a ou menm pou rapòte abi a.
- Si w pa konnen anyen sou founisè ajans sèvis moun nan, ou ka rapòte abi a bay OPWDD. Ou ka jwenn enfòmasyon pou Responsab Verifikasyon Konfòmite Ensidan sou sit entènèt OPWDD a ki sou paj entènèt Inite Jesyon Ensidan an. Inite Jesyon Ensidan an genyen tou yon nimewo ou ka kontakte andeyò lè biwo ki se 1-888-479-6763.
- Sant Lajistis pou pwoteksyon moun ki gen bezwen patikilye (NYS Justice Center for the Protection of People with Special Needs) gen yon liy asistans 24 sou 24 pou rapòte Abi, Neglijans ak Gwo Ensidan ki fèt nan etablisman ak pwogram OPWDD yo nan nimewo 1-855-373-2122.

Eta New York Pou Moun Ki Gen Reta nan Devlopman yo
(Eta New York Pou Moun Ki Gen Reta nan Devlopman yo)
Komite pèmanan sou egzamen ensidan
(Standing Committee on Incident Review)
44 Holland Avenue
Albany, NY 12229

Si w bezwen esplikasyon sou enfòmasyon ki nan bwòchi sa a, tanpri kontakte:

OPWDD's
Komite pèmanan sou egzamen ensidan
(OPWDD's
Standing Committee on Incident Review.)

opwdd.scir@opwdd.ny.gov

JAN POU PLEDE KOZ E PWOTEJE MOUN KONT DANJE?

*Moun oswa avoka kalifye a ak founisè sèvis yo dwe travay ansanm pou garanti moun nan byen sèvi e byen pwoteje. Tèt kole sa a ka kòmanse nan yon reyinyon ekip, kote y ap revize plan sèvis endividyalize moun nan pou sèvis ak sipò; nan moman sa, ekip la, san bliye *moun oswa avoka kalifye a*, kapab diskite sou pwoteksyon oswa aksyon ki ka nesèsè. Anpil fwa li nesèsè pou yo endividyalize oswa adapte pwoteksyon sa yo pou moun nan.*

Sitou nan ka blesi sanzatann reparèt, *moun kalifye oswa avoka a* kapab mande ki aksyon ki fèt pou pwoteje moun nan pou l pa ekspoze a menm sikonstans yo. Se vre li pa toujou posib pou antisipe etap nesèsè yo, paske yo ka espesifik pou yon ensidan, men yo ka toujou diskite sou kèk nan sijè annapre yo:

- chanjman nan kòmpòtman oswa kondwit moun nan;
- kantite aktivite moun nan genyen nan yon jounen ak nan yon semèn;
- itilizasyon ekipman adaptasyon oswa nesèsite ki ka genyen pou yo ak chanjman yo;
- tout kalite swen fizik, pwoblèm sante oswa ijyèn ki pou rezoud;
- rechèch entèvansyon oswa sipò ki kapab ede oswa ki nesèsè;
- evalyasyon ki gen ladan l evalyasyon sante oswa klinik;
- nivo sipèvizyon;
- fòmasyon anplwaye ak aktivite resiklaj; ak/oswa
- eta anviwònman kote moun ap viv oswa bay sèvis.



Reyinyon ekip se yon fowòm san parèy pou moun oswa avoka kalifye ak lòt manm ekip plede pou pwoteksyon kont blesi, espesyalman sa yo pa ka konprann eki ki ap refèt plizyè fwa yo.